



tahun  
56

**LPP SINODE**  
**LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN**  
**SINODE GKJ DAN GKI SW JATENG**  
Samironobaru 77 Kompleks LPPS, Yogyakarta 55281  
e-mail: sekretariatlppsinode@gmail.com  
Telp. 0274 514721



**Bahan Khotbah HUT LPP Sinode ke 56**  
***ndadosaken Sang Kristus Minangka Raja***  
**Minggu, 24 November 2024**

Waosoan 1:	Dhanièl 7:9-10, 13-14
Tanggapan:	Jabur Masmur 93
Waosoan 2:	Wahyu 1:4-8
Waosoan Injil:	Yohanes 18:33-37

**Ancas:**

- Umat mangertos ndadosaken Sang Kristus minangka Raja ateges ningakken saha netepi Swantenipun.
- Umat nélakaken tékadipun kanggé ndadosaken Sang Kristus minangka Raja wonten ing gesangipun.

**KHOTBAH JANGKEP****NDADOSAKEN SANG KRISTUS MINANGKA RAJA**

Wonten ing pétangan taun liturgi, dinten minggu punika kasebat minangka Minggu Sang Kristus Raja. Minggu Sang Kristus Raja mujudaken panutup tumrap rerangkèning taun liturgi, malah asring kasebat minangka pucaking taun liturgi. Kanthi ngriyayakaken Minggu Sang Kristus Raja, umat kaajeng-ajeng sami nggadhahi pangertosan bilih Sang Kristus ingkang kedahipun dados Raja tumraping gesangipun umat.

Dinten punika, sumangga kita ngraos-raosaken, punapa leres Sang Kristus sampun dados Raja wonten ing gesang kita? Menawi kita purun jujur, asring sanès Sang Kristus ingkang dados Rajaning gesang punika. Tumindaking gesang kita, minangka tiyang pitados saha péonganing pasamuwanipun Gusti, asring ndadosaken bandha kadonyan saha pangwaos minangka raja wonten ing gesang kita.

Sumangga kita nyobi nglelimbang anggèn kita gesang masamuwan. Rak kathah guleting gesang masamuwan asring mboten sekedhik sesambutanipun kaliyan bandha kadonyan saha pangwaos. Pasulayan ing antawisipun para paladosipun Gusti asring dipun tengeri wontenipun pepénginan kanggé

langkung nggadhahi pangwaos kabandhingaken kaliyan sanèsipun. Bandha kadonyan asring dados ingkang utami wonten ing gesang kita tuwin gréja kita. Tumindak ngempalaken redana ing mawarni-warni ancas dados tembang ingkang tansah dipunkumandhangaken pasamuwan. Punapa punika klèntu? Sampun temtu mboten lepat. Ananging, asring lan temtu kémawon mboten sadaya, prakawis punika mbekta kita kanggé langkung ngunderaken dhateng bandha kadonyan. Ukuraning masamuwan punika ngantos dumugi pundi gunggunging bandha kadonyan ingkang dipun darbèni: gedhong gréja ingkang éndah, pisungsung ingkang mboten kantenan, pawitan (asèt) ingkang lubèr, lan sanès-sanèsipun.

Kadospundi menggahing gesang kita, gesanging saben pribadi. Sumangga kita wangsville kanthi jujur, punapa ing dhiri kita pribadi, Sang Kristus sampun dados Raja? Saleresipun, kathah ing antawis kita ingkang mendhet pancasan, milih margi, malah kanggé bab-bab ingkang prasaja, mapanaken dhiri kita piyambak, sanès Sang Kristus, dados ingkang utami. Asring kita ngendelaken tiyang sanès lan sanès Gusti.

Kénging punapa kita prelu ndadosaken Sang Kristus minangka Raja? Cathetaning gesang saha ugi cathetaning Kitab Suci nedahaken bilih manungsa mboten saged dipun-ndelaken minangka raja. Rak kita asring mrangguli tiyang-tiyang ingkang mboten netepi janjinipun? Rak kathah tiyang, ing kalenggahan ingkang kedahipun ngayomi masyarakat, kapara asring namung menggalihaken dhirinipun piyambak. Kagatosna pengalaman kita salebedipun milih pemimpinan bangsa. Saleresipun, punapa kita naté kuciwa awit saking pilihan pemimpining politik kita? Prakawis punika nedahaken iba ringkihipun manungsa. Malah amargi punika, nalika kita ngendelaken manungsa – kalebet ngendelaken dhiri kita piyambak – kita badhé ngalami raos kuciwa.

Kadospundi menawi Gusti ingkang dados Raja? Sumangga kita gatosaken waosan kita kapisan, Kitab Dhanièl. Dipun-cariyosaken, Dhanièl pinaringan tetingalan (wahyu) saking Gusti. Tetingalan (wahyu) punika ngetinggalaken adegipun Gusti kados priyantun ingkang sampun sepuh ing yuswa. Sepuh yuswanipun, sacara pralambang nedahaken dhateng kawicaksanan. Dhanièl ugi mirsani ageman tuwin

Rikmanipun pethak resik. Pethak nggadhahi makna kasucèn. Pangwaosipun dipun ketingalaken wonten ing lambang latu ingkang makantar-kantar wonten ing dhamparing palenggahan mawa rodha. Saking dhamparipun punika Sang Raja ngakimi umat manungsa. Wonten ing tumindak ngakimi punika kasebutaken bilih pepréntahan tuwin pangwaos ing jagad punika badhé kagantos déning para suci. Para suci punika badhé kasebat mréntah kanthi langgeng dalah umat mbangunturut dhumateng para suci (Dhanièl 7:27). Raja ingkang wicaksana, suci, tuwin kagungan pangwaos punika ingkang dados gegambaranipun Gusti Allah. Sinten ingkang mboten kepéngin kapimpin déning Raja kadosmakaten punika?

Prakawis ingkang saèmper punika ugi ketingal wonten ing panglimbangipun Juru Masmur. Kasebataken déning Juru Masmur bilih Sang Raja mangagem busana kamulyan. Busana kamulyan utawi busana kaluhuran kaagem raja ing kagiyanan dhines. mBoten namung busananipun ingkang mulya ananging pangwaosipun ugi ngébat-ébati. Toya kanthi kumrasak jumleguripun wonten ing regemaning astanipun Sang Raja, ingkang nedahaken Kakiyatanipun ngungkuli kakiyataning samukawis sadaya.

Ing pérrangan sanès, kitab Wahyu kanthi nengsemaken nedahaken adegipun Gusti Yésus minangka *causa prima* utawi ingkang nitahaken samukawisipun, Alfa tuwin Oméga. Alfa lan oméga punika aksara kapisan lan pungkasan wonten ing urut-urutaning aksara Yunani. Pangwaosipun Gusti Allah ingkang kebak kawicaksanan, kapenuhan ing kasucèn saha kasinungan pangwaos ingkang nyrambahi, punika ingkang kita betahaken wonten ing gesang punika. Malah amargi punika, menawi kepéngin ngraosaken patrapipun Gusti mimpin minangka Raja, mila samia sinau ndadosaken Panjenenganipun Raja wonten ing gesang kita. Kadospundi caranipun?

Ingkang nengsemaken, wonten ing Injil Yohanes kita manggihaken gegambaraning raja ingkang bènten. Gusti Yésus ingkang kasebat minangka Raja jebul kacepeng lan kaumum pejah kanthi cara kasalib. Pitakènipun, kadosdéné ingkang ugi dados pitakènipun Pilatus, raja ingkang kadospundi Gusti Yésus punika? Menawi Gusti Yésus punika Rajanipun tiyang Yahudi, kénging punapa malah kadadosaken tiyang duraka déning tiyang

Yahudi piyambak? Ananging Gusti Yésus njejegaken prakawis raja kadosdéné ingkang limrahipun dipun penggalihaken tiyang. Satunggaling raja ing jagad raket kaliyan pangwaos. Mangka satunggaling Raja sejati punika raket kaliyan kayektosan. Punika sababipun kathah pemimpining jagad mblawuraken kayektosan. Déné Gusti Yésus ngudi kaadilan. Punika ingkang katindakaken Sang Raja Yésus Kristus wonten ing sawetahing Pakaryanipun. Minangka Raja ingkang raket kaliyan kaleresan, Gusti Yésus ngudi kayektosan. Kanggé pangudi punika, Gusti Yésus sumadhiya lelabuh kanggé jejeginpun kayektosan. Gusti Yésus ngandika, "Panjenengan sampun mastani, bilih Kula punika raja. Inggih punika prelunipun Kula lair lan inggih punika prelunipun Kula dhateng donya punika, supados Kula neksèni ing kayektosan; saben tiyang ingkang asalipun saking kayektosan, sami mirengaken swanten Kula." (Yoh. 18:37). Wonten ing pérrangan punika nélakaken anggènipun Gusti Yésus nandhesaken gegayutan kaliyan Adekipun minangka Raja. Umat ingkang dhaku Gusti Yésus minangka Raja sampun samesthinipun mirengaken kaleresaning Swantenipun. Mirengaken mboten namung mirengaken satunggaling swanten. Mirengaken (Yun: *akouo*) ateges mangertosi saha mbangunturut dhateng punapa ingkang dipun ngendikakaken Gusti Yésus. Kanthi makaten, ndadosaken Gusti Yésus ateges mirengaken, mangertosi, saha netepi punapa ingkang dipun ngendikakaken Gusti Yésus.

Ing pérrangan punika kita nglelimbang lampahing gesang kita, gesangipun pasamuwan utawi gréja, ugi gesangipun LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng – bebadan ingkang kita darbèni, ingkang mèngeti adekipun ingkang kaping 56 taun. Punapa kita saèstu nggadhhahi underan nilingaken Swantenipun Gusti? Utawi kita langkung nggatosaken swanten-swanten ing sakiwatengen kita ingkang sok ngoregaken greget kita? Punapa kita mangertos maknaning Pangandika utawi Dhawuhipun Gusti? Saha, punapa kita netepi pangandika tuwin dhawuhipun Gusti Yésus Sang Raja wonten ing gesang kita? Wangsulan saking pitakénan punika nedahaken sinten sejatosipun Rajaning gesang kita. Gusti nresnani kita sadaya. Amin.

## Bahan Liturgi HUT LPP Sinode

# *nDadosaker Sang Kristus Minangka Raja*

Minggu, 24 November 2024

### **TIMBALAN NGIBADAH**

- PL: Dinten punika kita lumebet ing mangsa pungkasaning taun liturgi.  
 Pasamuwanipun Gusti ngriyayakaken Riyaya Gusti Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi.  
 Sumangga kita ngluhuraken Sang Kristus minangka Raja jumbuh kaliyan Jabur Masmur 97:1-9.  
 Pangéran Yéhuwah iku Raja, salumahing bumi karebèn surak-surak,
- U: pulo-pulo karebèn akèh kang padha sukorena!**  
 PL: Panjenengané kubengan ing méga lan pepeteng,  
**U: kaadilan lan angger-anger kang dadi tetalesing dhamparé.**  
 PL: Geni lumaku ing ngarsané,  
**U: lan nggesengaké satruné ing sakiwa-tengené.**  
 PL: Kilaté padha madhangi jagad,  
**U: bumi ndeleng temah gumeter.**  
 PL: Gunung-gunung padha ajèr prasasat malam ana ing ngarsaning Sang Yéhuwah,  
**U: ana ing ngarsané Gustiné salumahing bumi.**  
 PL: Langit martakaké kaadilané,  
**U: lan sakèhing bangsa padha nyawang kaluhurané.**  
 PL: Sarupaning wong kang ngabekti marang reca bakal padha nandhang wirang,  
**U: wong kang padha gumunggung marga saka brahala-brahala; sakèhing allah padha sujud nyembah marang Panjenengané.**  
 PL: Sion mireng wartosipun, temah bingah,  
**U: sarta para putrinipun Yahuda sami surak-surak, margi saking paukuman Paduka, dhuh Yéhuwah.**  
 PL: Awit Paduka punika, dhuh Yéhuwah, Ingkang Mahaluhur, ingkang mengku salumahing bumi,

U: **Paduka linuhuraken sanget nglangkungi sakathahipun allah.**

- *umat jumeneng saha ngidungaken KPJ 26:1-3*
- *para pelados pangibadah mlebet dhateng papan ngibadah*

#### KPJ 26 PINUJI GUSTI

Do = F 3/4

1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.

Refr.: Halléuya, sagung puji  
tansah konjuk Gusti  
Halléuya, sagung bekti  
mring Ratu swargi.

2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,  
kang ngurbancken sarira nebus manungsa  
Refr.: .....

3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.  
Refr.: .....

#### Votum dan Salam

PS: Pangibadah punika lumampah awit saking pitulunganipun  
Allah Rama, Putra, lan Roh Suci, Amin!

U: **(ngidungaken) AMIN! AMIN! AMIN!**

PS: Gusti nunggil gesang kita

U: **samangké ngantos salami-laminipun.**

- *umat lenggah*

#### Atur Bebuka

PL: Dhuh Gusti Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi.  
Kawula sowan kanggé saos sokur amargi ngraosaken  
pangrimat Paduka wonten ing gesang kawula.

Paduka tansah nunggil kawula,  
tindak wonten ing ngajeng kawula, saha mboten naté nilar  
kawula.

Paduka punika Raja ingkang setya tumraping umat Paduka.

**U: Kasagedna kawula ngraosaken pangrimat Paduka, dhuh Gusti.**

**PL:** Dhuh Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi  
Kawula kadosdéné ménda ingkang ringkih, ananging saged nglangkungi jurang palimengan. Kasagedan kawula terus mlampah, sanès amargi dhiri kawula ananging amargi ndhèrèk Sang Pangèn, panuntuning gesang kawula. Sang Pangèn lestantun nuntun kawula dhateng pangènan ingkang kathah suketipun.

**U: Kasagedna kawula dados ménda ingkang tuhu setya dhumateng Paduka, dhuh Gusti.**

**PL:** Dhuh Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi  
Awit saking katresnan Paduka dhumateng kawula, Paduka sumadhiya ngasoraken dhiri dados manungsa, lan sumuyud ngantos séda, malah ngantos séda wonten ing kajeng salib. Ananging, séda Paduka sanès pungkasan. Wungu Paduka mbikak margining kawilujengan kanggé kawula.

**U: Kasagedna kawula saos sokur tumrap pakaryaning katresnan Paduka, dhuh Gusti.**

**PL:** Dhuh Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi  
Apuntenana kawula, amargi ing satengahipun pakaryaning katresnan Paduka, gesang kawula asring malah mboten ndadosaken Paduka minangka underaning gesang kawula. Kawula mboten ndadosaken Paduka Raja ingkang nuntun lampahing gesang kawula.

**U: Apuntenana kawula, dhuh Gusti.**

- *umat ngraos-raosaken dosanipun sacara pribadi.*

**PL:** Dhuh Yésus Kristus, Rajaning Sarwa Dumadi  
Keparenga Paduka miyarsakaken pangaken kawula. Kajengipun ing sauruting wekdal ingkang Paduka paringaken dhumateng kawula, kawula kuwawi ndadosaken Paduka Raja wonten ing gesang kawula.

**U: Amin.**

- *umat ngidungaken KPJ 46:1-3*
- *umat jumeneng*

### KPJ 46 AWIT KATHAH DOSA KULA

Do=D 3/4

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmengan  
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan.
- 2) Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula.  
Tyas kula mugi dadasa padaleman Paduka.
- 3) Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.  
Kula badhé ngéstokaken ing sakarsa Paduka.

### Pawartos Sih-Rahmat

PL: Pawartos sih-rahmat kaparingaken dhateng kita lumantar serat Ibrani 9:28 ingkang makaten,

“28 mangkono uga Kristus iya mung sapisan baé anggoné ngurbanaké sarirané kanggo nanggel dosané wong akéh. Sawisé iku, Panjenengané bakal ngatingalaké sarirané kang kaping pindhoné ora kanggo nanggel dosa, nanging kanggo maringaké karahayon marang wong kang padha nganti-anti Panjenengané.”

- Ing Sang Kristus panjenengan sampun dipun-apunteni!
- U: **Ing Sang Kristus panjenengan ugi sampun dipun-apunteni!**
- PL: Tentrem rahayunipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan!
- U: **Tentrem rahayunipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan ugi!**

• *umat samidéné jawat asta sinambi ngucapaken*  
**“Tentremrahayunipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan”**

- *umat ngidungaken KPJ 78:1-3*

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin  
 Yésus duwèkku ing salamanya;  
 aku tebusan kagungané,  
 anyar uripku krana rahé.  
 Reff.: Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya  
 Aku memuji klayan rena,  
 nggunggung asmané salamanya
- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu,  
 temah sampurna kabungahanku  
 Pra malaékat asung puji,  
 samya ngundhangken sihing Gusti.  
 Reff.: .....
- 3) Dak aturaké jiwa-raga,  
 marang Gustiku atiku lega,  
 klayan anganti sarawuhé,  
 matemah antuk sih-rahmaté.  
 Reff.: .....

### **WEDHARING SABDA**

- pandonga épiklése
- pamaosing Kitab Suci  
Waosoan Kapisan

Lèktor waosoan kapisan saking Dhaniél 7:9-10, 13-14.

L: Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Tanggapan

Jabur Masmur 93 (*saged kawaosaken sesautan utawi kakidungaken*)

### Waosoan Kaping Kalih

Lèktor waosoan kaping kalih saking Wahyu 1:4-8.

L: Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

### Waosan Injil

PS: Injilipun Gusti kita Yésus Kristus manut Yohanes 18:33-37. (*PS maosaken Injil Yohanes 18:33-37*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu tiyang ingkang mirengaken tuwin nggatosaken Sabdanipun Allah.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya!**

- Khotbah
- Wekdal Ening

- *umat jumeneng*

### **Pangakening Kapitadosan**

PL: Sumangga kita sesarengan kaliyan umatipun Allah ing wekdal kapengker, samangké, tuwin ingkang badhé dhateng, nélakaken pangakening kapitadosan manut Pangaken Pitados Rasuli.

### **Mahargya Adekipun LPP Sinode**

PL: Ing dinten kebak panuwun sokur punika sumangga kita ngènget-ènget pisandéné caos sokur dhumateng Gusti Yésus Kristus Sang Raja ingkang sampun maringi patunggilan kita lumantar wontenipun Bebadan ingkang kita tresnani, LPP Sinode.

Minangka péraning GKJ lan GKI SW Jateng kita prelu ngucap sokur awit saking pakaryanipun Gusti ingkang ngédab-édabi.

56 taun lumampah  
 ing salebeding bingah punapadéné sisah  
 Bebadan punika sampun kaparingan kathah  
 pasitèn ingkang wiyar, ananging taksih kandheg  
 sadèrèngipun rampung  
 gedhung ingkang kathah, ananging sampun dados tuwa  
 pelados ingkang mumpuni, ananging asring sayah tanpa  
 gadhah daya

punapa saged Bebadan punika lestantun kumlèbèt tumindak  
 ngancani lampahing pasamuwanipun Gusti?  
 Saged, menawi Gusti kadadosaken Rajanipun  
 Saged, menawi Gusti ingkang dipun ladosi  
 Sumangga kita biyantoni tuwin kita dongakaken  
 Supados pakaryanipun Gusti Allah kababar lumantar LPP  
 Sinode.

### **Pandonga Syafaat**

Salah satunggaling pokok pandonga inggih punika LPP Sinode.

### **Pangatag Pisungsung**

PL: Awit saking peparingipun Gusti Allah ingkang nuntun gesang kita, sumangga kita ngucap sokur. Rasul Paulus nyerat ing serat 1 Korintus 1:4 makaten,

“4 Aku tansah saos sokur marang Allahku karana kowé kabèh, awit saka sih-rahmaté Allah kang kaparingaké marang kowé ana ing Kristus Yésus.”

Sumangga kita ngempalaken pisungsung sinambi ngènget-ènget timbalan kita kanggé ndadosaken Sang Kristus Rajaning gesang kita.

- *umat ngidungaken KPJ 154:1-2*

### KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula  
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.  
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
 mugi katampia atur kawula,  
 mrih gesang kawula kagema Paduka  
 pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;  
kula kagunganta, Paduka rimati.  
Reff.: .....

- *umat jumeneng*

### **Pandonga Pisungsung**

PL: Sumangga kita ndedonga.  
 Dhuh Allah, kawula saos sokur  
 awit saking peparing ingkang sampun Paduka paringaken  
 dhateng kawula.  
 Karsaa nampèni pisungsung punika,  
 minangka tandhaning kasagahan kawula dados abdi  
 saha Paduka dados Raja.  
 Kasagedna kawula ngemunah pisungsung sokur punika  
 supados dados sarana kanggé mbabar kasaénan  
 ing gesang patunggilan lan paseksi  
 Kawula Paduka kanthi, supados kawula saged tansah  
 misungsungaken sawetahing gesang kawula  
 kagem kaluhuraning Asma Paduka.  
 Ing Sang Kristus kawula ndedonga. Amin.

### **Pangutusan lan Berkah**

PS: Sumangga kita gesang  
 kanthi ndadosaken Sang Kristus minangka Rajaning  
 gesang kita,  
 mirengaken, mangertosi, tuwin nidakaken kanthi setya  
 dhumateng Sabdanipun  
 ngantos saben kita sembada nélakaken pakaryan-  
 pakaryan saé ingkang kawartosaken déning Sang Kristus!

- *Umat ngidungaken KPJ 412:1-2*

**KPJ 412. RATU ADIL KANG SEJATI**

Do=D 4/4

- 1) Ratu adil kang sejati  
 saèstu namung sawiji.  
 Yéku Sang Kristus Gusti  
 kang mengku bumi lan swarga

Pinujia slaminya! Pinujia slaminya!

- 2) Ratuning tentem raharja  
kang luber sih rahmatnya  
tumrap sagung manungsa  
jumeneng Ratu kaswargan  
Langgeng dugeng delahan, langgeng dugeng delahan

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti!

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS: Pinujia Gusti!

U: **samangké ngantos salami-laminipun.**

PS: Allah Rama, Putra, tuwin Roh Suci,  
ingkang wonten ing Sih-rahmatipun sampun nresnani  
panjenengan (kita)  
keparenga tumindak minangka raja wonten ing gesang  
panjenengan (kita)  
lan maringaken panglipur langgeng  
sarta pangajeng-ajeng saé dhateng panjenengan (kita)  
keparenga nglelipur tuwin ngiyataken manah panjenengan  
(kita)  
salebeding saben pakaryan saha pitembungan ingkang saé,  
dinten punika, bénjing, lan salajengipun.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, Amin.**

[ASP]